



Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI PWOTEJE SEKIRITE TIMOUN LEKÒL YO

Lejislasyon S.4661/A.7330 prevwa transfè yon pòsyon nan amann yo bay pou pasaj sou yon otobis lekòl ilegalman nan pwogram fòmasyon konplè sou sekirite chofè otobis lekòl la pou etid ak pwomosyon pwoblèm ki enplike sekirite otobis lekòl yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon S.4661/A.7330 ki prevwa transfè yon pòsyon nan amann yo bay pou pasaj sou yon otobis lekòl ilegalman nan pwogram fòmasyon konplè sou sekirite chofè otobis lekòl la pou etid ak pwomosyon pwoblèm ki enplike sekirite otobis lekòl yo, sa k ap etabli yon fon edikasyon pou otomobilis otobis lekòl yo. Lejislasyon sa a gen pou objaktif pou dekouraje otomobilis yo pase ilegalman sou otobis lekòl ki kanpe yo, kidonk, sa ap ogmante sekirite timoun lekòl yo.

"Kenbe timoun nou yo an sekirite se priyorite nimewo en pou administrasyon mwen an epi n ap pran mezi sou chak aspè pou asire nou fè sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chofè yo ta dwe konnen pou yo pa pase sou yon otobis lekòl ki kanpe, men nou wè pwoblèm sa a plizyè fwa. Mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa ki ranfòse fòmasyon pou chofè otobis lekòl yo ak plis pwoteje timoun yo k ap vwayaje ale ak soti lekòl."

Lejislasyon sa a mande pou konsepsyon ak aplikasyon yon pwogram edikasyon piblik pou edike otomobilis yo sou danje ki genyen nan pase sou yon otobis lekòl epi pou ankouraje sekirite pou otobis lekòl yo. S.4661/A.7330 kreye tou yon Fon Edikasyon pou Otomobilis Otobis Lekòl (School Bus Motorist Education Fund) yo, epi li mande pou peye siplemantè enpoze lè yo pase sou yon otobis lekòl ki kanpe nan fon sa a pou itilize pou bay sibvansyon pou etid pwoblèm nan, devlopman pwopozisyon pou redwi a kantite vyolasyon, epi ankouraje sekirite otobis lekòl la, epi tou pou finanse pwogram edikasyon piblik yo mansyone pi wo a.

Senatè Kevin Parker te deklare, "Mwen aplodi Gouvènè Hochul paske li mete elèv yo an premye! Sekirite elèv nou yo se yon priyorite depi moman yo antre nan otobis lekòl la pou vwayaje ale lekòl la. Lwa sa a pral mache non sèlman pou dekouraje otomobilis yo pase ilegalman sou otobis lekòl ki kanpe yo, men tou li pral adopte yon lòt apwòch pou finanse fòmasyon pou chofè nou yo ki mennen timoun nou yo ale ak soti lekòl chak jou."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Pasaj ilegal sou otobis lekòl kontinye rete yon pwoblèm grav nan Eta New York. Lejislasyon sa a pral travay ansanm ak nouvo lwa ki pèmèt aplikasyon foto lè gen yon depasman ilegal pou ede edike chofè yo kont konpòtman danjere sa a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)